Қыпшақбай Мәтмуратов

# *Өмирбек ҳәм Тазша-1*

комедия

## ҚАТНАСЫЎШЫЛАР:

1. Ө м и р б е к  л а қ қ ы
2. Т а з ш а  — Өмирбектиң досты.
3. Т е м и р б е к  — Өмирбектиң досты.
4. Т а ў а с а р  — аўылдың байы.
5. Ы м с ы н  — Таўасар байдың ҳаялы.
6. Л а б а қ  — Таўасар байдың әўмесер баласы.
7. Қ у л ы м б е т  — Қазы.

# Авансцена

Т а ў а с а р   б а й   ҳәм   Ө м и р б е к   л а қ қ ы

ТАЎАСАР. Сөйтип, сен, Өмирбекжан, мениң менен шәртлеспек ойнағың келип жүр, солай ма?

ӨМИРБЕК. Аўа, Таўасар аға!

ТАЎАСАР. Шәрт қандай болады сонда?

ӨМИРБЕК. Кимде-ким ашыўланса, момент қулға айланады!

ТАЎАСАР. Баяғыда әкем пақыр: «Әжели жеткен тышқан, пышықтың қуйрығы менен ойнайды» дей беретуғын еди. Сол айтқандай, Темирбек жорақ да бизиң менен шәртлеспек ойнап, момент қулға айланып еди. *(кек етип)* Буннан хабарың бар шығар-аў, Өмирбекжан, я?

ӨМИРБЕК. Хабарым болғанда қандай. Соннан берли Темирбектиң бетине қан жуўырайын деди-ғо, қолың яммана жуғымлы-аў деймен. Таўасар аға, я?

ТАЎАСАР. Жуғымлы болғанда қандай, енди сени қул қылағойсам, бетиң ғой бетиң, қанынды басқа жеринде де зыр жуўыратуғын қыламан. Ҳе-ҳе-ҳе!...

ӨМИРБЕК. Мени сөйтемен деп жүрип, өзиңниң қаның тас төбеңе шапшып кетпесин. Таўасар аға, я? *(қулағын тутып)* Ҳе-ҳе-ҳе!...

ТАЎАСАР. Өзиң давление болғайсаң қудайым!

ӨМИРБЕК. Онда, бизиң менен шәртлеспек ойнамайсаң, қорққаның ғой, я?

ТАЎАСАР. «Пышықтың жуўырғаны топанханаға дейин» деген. Бизиң қой-ешкилерди ба-ғыйп жүрген усы күнлериң патшалық-ғо, қояғойсаңо бирақ.

ӨМИРБЕК. Усы патшалық күнлеримди саған бергим келеди, Таўасар а-ға. Ҳа-ҳа-ҳа!...

ТАЎАСАР. Бир тәўир жигит едиң, құллықтың дузы тартып жүрген шығар. Яқшы, ойнаймыз!

ӨМИРБЕК. *(қойнынан бир зағара шығарып)* Мине, наннан уллы зат жоқ, нан устап шәртлесемиз. Мә, уста!

ТАЎАСАР. *(нан устап турып)* Кимде-ким сөзинен тайса, нан урғай!
ӨМИРБЕК. *(нан устап)* Қудай урғай!
ТАЎАСАР. Басқа не гәп бар?
ӨМИРБЕК. *(нанын қойнына салып)* Болды, бизде басқа гәп жоқ.
ТАЎАСАР. Ал, онда баслаймыз!

Екеўи еки жаққа кетеди. Сахна ашылады.

# Биринши бөлим
# Биринши перде
# Көринис

Жайлаў. Л а б а қ , бир қолында жарты шөрек, Т а з ш а н ы излеп жүреди.

ЛАБАҚ. Келемен деп еди, жоқғой-әй. Тазша, ҳә Тазша! *(Тамашагөйлердиң арасын сығалап, биреўин Тазшаға шырамытып, суқ бармағын шошайтады.)* Әй кәлмек, бери кел. ... Ҳаў, Тазша шығар десем басында шашы бар қатын екен ғо!

Т а з ш а келеди.

ТАЗША. Ла-бақ?

ЛАБАҚ *(қуўанып).* Ҳаў, Тазша жора келдиң бе? Сени излеп зер-зебил болдым. *(Мойнына асынған, асықлар салынған дорбасын көрсетип.)* Асықларымды әкелдим — мине! *(Нан жеп турады.)*

ТАЗША. Наныңнан қурттай берш.

ЛАБАҚ *(қызғанып, нанын артына жасырып).* Ҳе-ее!... Нан берсем асық үйретесең бе?

ТАЗША. Аўа, үйретемен.

ЛАБАҚ. Мә. *(Нан береди.)*

ТАЗША *(нан жеп турып).* Не үйретейин, үлемей ме, дөрдиян ба, я арқаламай ма?

ЛАБАҚ. Арқаламай үйрет арқаламай, со баллар мени арқалап жүре беретуғын болсын!

ТАЗША. Яқшы, үйретейин. Дыққат пенен тыңла. Әдеп үлесемиз. Егер сениң асығың алшы турса, мен таслайман — сен атасаң. Тийгизсең, асығыңа дейин мен арқалап бараман, ал тийгизе алмасаң — мен атаман!

ЛАБАҚ *(ыржыйып).* Ҳе-ҳе-ҳе!... Ол жақларын билемен-аў.

ТАЗША. Билсең, үле қәне!

ЕКЕЎИ. Алшы! *(Асықларын үлейди.)*

ТАЗША. Әне, екеўмиздики де алшы турмады. Қәне, және үлеймиз!

ЕКЕЎИ. Алшы! *(Екеўи де асықларын үлеседи.)*

ЛАБАҚ *(қолларын шаппатлап).* Яшақай-й!... Бизики алшы турды, турды!

ТАЗША. Әне, енди мен таслайман. *(Асығын жақынлаў таслайды.)* Енди бизиң асықты гөзлеп ат!

ЛАБАҚ. Гөзлесем де тиймей қала береди аў!

ТАЗША. Қорқпа! *(Өзи турып көрсетеди.)* Мине, мынандай қылып тур. Мынандай қылып, асықтың еки шекесинен, еки бармақ пенен услап турып, шеп көзди қысасандағы, қолындағы асықтың еки қулағының дәл ортасынан, ана бизиң асықты кө-рийп турып, атып жибересең. Қәне, сөйтип ур қәне, тиймегенин көрейин!

ЛАБАҚ. Яқшы. *(Асықты гөзлеп атады, тиймейди.)*

ТАЗША. Әне, тийди, тийди-ғо!

ЛАБАҚ. Әй, яғ-ә!

ТАЗША. Ҳаў, Лабағаў, бул ҳәм тийгенге есап болады, қыймылдатып кетти-ғо, ақыры! *(Арқасын тутып.)* Кел қәне!

Л а б а қ аўышланып күлип жүрип, арқасына минеди.
Т а з ш а арқалайды.

ЛАБАҚ *(Тазшаның арқасынан түсип).* Әй, Жамбылша Бас, қәне, және ойнайық!

ТАЗША. Яқшы. *(Асығын таслайды.)* Ал, ур қәне!

ЛАБАҚ *(атады, тиймейди).* Әй, тиймеди.

ТАЗША. Ҳәзир өзимиз тийгиземиз оны. *(Атады, тийеди.)* Кел қәне!

Л а б а қ арқасын тутады, Т а з ш а секирип минеди. Ө м и р б е к л а қ қ ы менен Т е м и р б е к келеди.

ТЕМИРБЕК *(Өмирбекке).* Мениң утылып қул болғаным аздай, сениң де бай менен шәртлеспек ойнағаның жаман болды-дә, жора!

ӨМИРБЕК. Ҳеш гәп, қорқпа, еле байды утамыз!

ТЕМИРБЕК. Сонда, оны қалай ашыўландырасаң? Ол барып турған сум-ғой! Утыўың мүшкил!

ӨМИРБЕК. Утқанда силесин қатыраман, сени де қуллықтан азат етип аламан. Көресең еле!

ТЕМИРБЕК. Айтқаның келсин! Өмирбақый саған миннетдар болар-ем... *(Басын қасып турып.)* ... Өмирбек жора ...

ӨМИРБЕК. Неўе?

ТЕМИРБЕК. Мен саған жүдә тәсийин қаламан. Сен өзиңниң ақылың менен атқа минер – үл-кен адам болыўға ылайық жигитсең. Келешекке дурыс болжаў жүрите алатуғын данасаң. Бирақ, ҳәзирги турысың мынаў: тек лаққысаң, болғаны!

ӨМИРБЕК. Әй, Темирбек-жора, маған ҳәмелден гөре қуўғанында қумалақ түспейтуғын – Таўасардай қайырымсыз байлар менен ойнап жасағаным жақсы.

ТЕМИРБЕК. Бай менен ойнаў, Лабақ пенен асық ойнаў емес-ғой.

ӨМИРБЕК. Дурыс. Бай менен ойнаў бул – лаўлаған от пенен ойнаў деген сөз. Яғний, ол ойыннан оймақ шығарса, биз бүйректен сыйрақ шығарамыз. Демек, даналықты жасырыўдың өзи – үлкен даналық! Соның ушын да «лаққы» деген лақапты халық маған нықап етип берген!

Екеўи асық ойнағанларға қарап турады.

ЛАБАҚ *(Тазшаны арқасынан түсирип, ашыўлы).* Әй, сен неге мени жақсылап үйретпейсең?

ТАЗША. О неге, жақсылап-ақ үйреттим ғо!…

ЛАБАҚ. Сонда неге мен утыла беремен? Өмирбек, мынаған айтса жора, маған жақсылап үйретсин!

ӨМИРБЕК. Әй, Тазша, сен неге Лабаққа жақсылап үйретпейсең?

ТАЗША. Үйретпейсең деп…

ӨМИРБЕК. Әй қой-ә, басың май қабақтай боп мақаў бала екенсең!…

ЛАБАҚ *(шын ықласы менен күледи).* Май қабақ, қабақ бас!...

ӨМИРБЕК. О неге тиймейди екен бала? Қәне, сақанды көрип берейин, Лабақ.

ЛАБАҚ. Мә, көре ғо!

ӨМИРБЕК *(сақаны көрип).* Ўә-әйй, неге тийгизе алмайды десем!... Қой, бунын менен ойнаўға болмайды!

ЛАБАҚ. Ҳе, о неге?

ӨМИРБЕК. Түў! Ҳаў саған буны мына Тазша айтып түсиндирмеди ме?!! Бул — қойдың асығы-ғой, Лабақ! Қойдың асығы тиймейди, жаман болады. Қәне енди, ҳә үйде бағып қойған ақ қошқардың сақасы болар ма еди — пай тийеди-аў! Ылақтырсаң болды, қәлеген асығынды қошқардай дүгеди.

ТАЗША. Мине, бизики сондай сақа-ғо, гөзлеген жериңнен сә мүлт кетпейди!

ЛАБАҚ. Ҳаў, үйде бағып қойған ақ қошқар бар-ғо, барып асығын әкелейин бе?

ТЕМИРБЕК. Қойса, ағаң бақырады!

ЛАБАҚ. Бақырмайды!

ӨМИРБЕК. Қалай әкелесең?

ЛАБАҚ Барып, қошқардың аяғын «пырт» еткизип сындыраман да, асығын алып келемен!

ӨМИРБЕК. Ағаң бизлерден көреди-ғо, бизлерди урады-ғо!…

ЛАБАҚ. Сизлерди урғызбайман, баяғыда ол мени де уратуғын еди, *(мақтанышлы күлип)* ҳе-ҳе-ҳе, ҳәзир маған күши жетпейди, енди оны мен ураман!

ӨМИРБЕК. Болады, Лабақ, бирақ, мына Май Қабақты да ертип кет: қошқардың асығын қалай алыўды усы жүдә жақсы биледи!

ЛАБАҚ *(күлип).* Яқшы. Май Қабақ, жүр! *(Кетеди.)*

ӨМИРБЕК *(Тазшаны иркип).* Сен байға ҳасла көринбеўиң шәрт, абайла. Және, жаңағы әўмесер бизлерди «үйретти» деп, аўзы гәшшийип, әкесине айтып жүрмесин-тағы — усыларды қулағына қуй! Яқшы ма?

ТАЗША. Яқшы!

ТЕМИРБЕК. Қошқарды берманырақ әкелип, тасада сойың!

ТАЗША. Кеўиллериңиздегиден де ағла қыламан, қәтержам бола бериң!

ӨМИРБЕК. Яқшы, бара-ғо!

Т а з ш а кетеди.

ТЕМИРБЕК. Бай, яммана ҳийлекер, жылан жутқыр деген адам, утылып қалмасақ болғаны ғо!

ӨМИРБЕК. Қорқпа, оны бүгин утамыз!

ТЕМИРБЕК. Қалай?

ӨМИРБЕК. Билесең бе, бай ҳәрреден өлгейлиден қорқады. Тек, Тазша ўақтында ақ қошқарды гүм қылып, жетип келсе болды.

ТЕМИРБЕК. Сонда не қылмақшысаң?

ӨМИРБЕК *(белиндеги шәңгил қабақты көрсетип).* Мине, мынаны көрдиң бе? Иши толған ҳәрре буның. Таң азанда, қанатлары шыққа малынып, ушалмай турған ўақтында жыйнадым!

Т а ў а с а р б а й д ы ң даўысы еситиледи.

ТАЎАСАР. Өмирбек, ҳә Өмирбек, қаяқтасаң?

ӨМИРБЕК. Мен мыняқтаман, бай ата!

Т а ў а с а р б а й келеди.

ТАЎАСАР. Келгенде қандай едиң, ҳәзир қандайсаң, түриңе қара. Бетиң шыйқандай болып, күннен-күнге семирип баратырсаң!

ӨМИРБЕК *(бетлерин сыйпап).* Ҳе-ҳе, қәйдем, бай ата.

ТАЎАСАР. Оның есесине, қойларды сүйегине тақап, өлтириўге әкелдиң!

ӨМИРБЕК. Ҳе, о неге сүйегине тақалады?

ТАЎАСАР. Қойларды саўып ишетуғын қусайсаң-ғо, «қалғанын аўылдың адамларына үлестиреди» дейди!

ӨМИРБЕК. «Гүман ийманнан айырады» деген, ўәй, яғ-ә, бай ата!

ТАЎАСАР *(Өмирбектиң белиндеги шәңгил қабақты көрип).* Ҳаў, анаў не?!

ӨМИРБЕК *(белиндеги қабағына қарап).* Ҳеш нәрсе!

ТАЎАСАР. Әне, көрдиң бе, сен келгели берли қойларым азып, *(Темирбектиң басына урып)* мына қулға дейин былшыйып семирип баратыр. Мен ҳеш кимге жала жаппайман, оның иши толған сүт. Әпкел бери қабақты!

ӨМИРБЕК. Олла сүт емес, бай ата!

ТАЎАСАР. Енди неўе?

ӨМИРБЕК. Ана не ғой!...

ТАЎАСАР. Неўе, ҳә, неўе?!

ӨМИРБЕК *(байды еле де ынтықтырып).* Ана, не-дә, не!... тап тилимниң ушында тур-аў ...

ТАЎАСАР. Алдайтуғын адамды тапқан екенсең, қабақты берман соз!

ӨМИРБЕК. Мә, өзиң көр, өзиң бил!... *(Қабақты байға береди.)*

ТАЎАСАР. Ишинен бир тамшы сүт шықсын, көресең!... Жеп-жеңил ғо, бәрин ишалмадың ба деймен, я?

Т а ў а с а р б а й қабақтың аўзын ашып, қабақты басына көтереди. Қабақтан ҳәррелер шығып, байды шаға баслайды.

Ўай-ўай-ўай! Атаңа мың нәлет болғыр сениң, қутқарсаң-ә мына бәлелериңнен!

ӨМИРБЕК. Неўе, бай ата?

ТАЎАСАР. Усыннан өлмей аман қалағойсам, «неўе»ни көрсетемен көзиңе! Ўай-ўай-ўай-ўай! Ҳаў, мыналардан қутқар деймен! Ур, өлтир, өлтир деймен саған!

ӨМИРБЕК. Урсам өзимди шағады ғо!

ТАЎАСАР *(өзин-өзи шаппатлап).* Ўах, ўай-ўай-ўай! Ўах-х! Саған бәле келмейди, ур, қоры деймен, ур деймен!

ӨМИРБЕК. Яқшы, бай ата. Темирбек, сен-әм ур! *(Өтирикке ҳәррени урған қусап, байдың өзин ура баслайды.)* Мә! Мә!

ТЕМИРБЕК. Бай ийемди шағып алар-аў мыналар, мә, мә!

Екеўлеп байды ура баслайды.

ТАЎАСАР. Ҳаў, ҳәрреден қоры десем, мени урып жүрғой-әй булар, я?! *(Қоныштан қамшыны суўырады.)* Мә!... *(Жақынлаў турған Темирбекти урады.)*

ТЕМИРБЕК. Ўай-ўай-ўай-ай!... *(басын услаўы менен қашады.)*

ТАЎАСАР *(Өмирбекке).* Ҳәрреге талатқаның менен турмай, атаңа ғана мың нәлет сениң!...

Ө м и р б е к л а қ қ ы зып берип қашады, Т а ў а с а р б а й изинен қуўады, орта жолда қаны сыртына шығып кеткен бир қапшық гөш арқалап киятырған Л а б а қ қ а дүгисип, шалқортасына түседи.

ЛАБАҚ *(әкесине).* Ҳе?!...

ТАЎАСАР. Қудайдың бир бөлек өлими саған! *(Қапшықты услап көреди.)* Әй, мынаў не, адам өлтирип арқалап жүргеннен саўмысаң, сен әўмесер?! Қаны тамшылап тур ғо? Мынаў не деймен, саған айтаман?!

ЛАБАҚ. Гөш-ғо!...

ТАЎАСАР. Гөш, не гөш?!

ЛАБАҚ. Ақ қошқардың гөши!...

ТАЎАСАР. Ҳаў, мениң тойларда урыстырып, бас байрақ алып жүрген ақ қошқарым ба?

ЛАБАҚ. Аў-ўа!

ТАЎАСАР. *(күйинип).* Ўай-ўай! Ўай-ўай! Ҳәссений-йй!... *(Қоныштан қамшыны суўырады.)*

ЛАБАҚ. Усыннан урсаң бар ғо, сени мен-әм ураман!

ТАЎАСАР. Қошқарды ким сой деди саған?

ЛАБАҚ. Өзим сойдым!

ТАЎАСАР. Неге, неге сойдың?

ЛАБАҚ. Ақ қошқардың асығы тийгиш болады-дә, асығын аламан!

ТАЎАСАР. Өйдеп ким айтты саған?

ЛАБАҚ. Өмирбек-тә!...

ТАЎАСАР. Қудайдың өлими-дә!... *(Аңсыз турған Өмирбекти қамшы менен тартып жиберип, изинен қуўып жүрип урады.)* Мине саған, мине! Ақ қошқардың изинен ғана жиберейин сени!...

Л а б а қ әкесиниң қолынан қамшыны жулып алып, оны ийтерип жибереди, әкеси жығылады.

ЛАБАҚ *(қамшыны гезенип).* Урайын ба сени?! Апамды урасаң, жорамды урасаң, мени урдың баяғыда, урайын ба сени?! Ҳә, урайын ба со?!

ТАЎАСАР *(орнынан туралмай, қашқалақлап).* Ҳаў, ҳаў!...

ЛАБАҚ *(дәпинип).* Урайын ба со!...

ТЕМИРБЕК. Дурыс!... Ур!

ӨМИРБЕК. Аўа, ол сени қашанғы ура береди! ...

ТАЎАСАР *(ызаланып, жерди мушлап).* Ўай-ўай! Бундай бала бергенше, бир салым дуз берсең боладығо, әй Ятратқан!!!

ӨМИРБЕК. Яқшы, Лабақ, оған тиймей-ақ қой. Оннан да, сизлер ана ақ қошқардың асығын алың, кейнинен үшеўимиз асық ойнаймыз!...

ЛАБАҚ. Енди мен утаман ба?

ӨМИРБЕК. Утасаң. Утқанда қайта-қайта утасаң! Егер ол утқанларыңа да кеўлиң толмаса, онда, ақ қошқардың да асығынан тийгиш асық болады, соны айтаман.

ЛАБАҚ. Ондай асық неде болады, Өмирбек, ҳәзир айтса?!

ӨМИРБЕК. Яқ, кейнинен айтаман. Егер, ҳәзир барып тез алмасаңлар, ана ақ қошқардың асығы тиймей қалатуғын болады. Бар, барың, Темирбек, тез барып алың!

ТЕМИРБЕК. Яқшы. Жүр, Лабақ!

Т е м и р б е к пенен Л а б а қ қапшықтан қойдың бир санын алып, қыйқалап атады.

ТАЎАСАР *(жылап отырып).* Адамлардың дурыслы перзент тилейтуғыны да усы екен ғо!

ӨМИРБЕК. Оның ушын баланы дурыслап тәрбиялаў керек-тә!

ТАЎАСАР. Сен барсаң-ә, әй!…

ӨМИРБЕК. Биз шәртлескенимизде, бир-биреўге ашыўланбағайлыдан, еди. Сен ашыўланып қойдың, мени урдың — шәрттен утылдың, бай аға, утылдың!

ТАЎАСАР. Усылардың ҳәммесин соның ушын ислеп отырғанынды, енди сезип атырман, сен ғана жүўернемектиң! Ҳә!…

Дәпинеди, айбынып Л а б а қ тәрепке қарайды.

ӨМИРБЕК. Дүньяда ақ қошқардың асығынан-әм тийгиш, және бир нәрседе асық болады. Сен оны билесең бе?

ТАЎАСАР. Мен бир күнде асық ойнап жүрмен бе, мен қайдан билейин оны?!

ӨМИРБЕК. Оны балаң-әм билмейди. Соны айт деп маған жалынғанын, жаңа өзиң көрдиң ҳәм мына сыпырадай қулағың менен еситтиң.

ТАЎАСАР. Еситтим, ал не болыпты?

ӨМИРБЕК. Себеби, ақ қошқардың асығынан кейинги ең тийгиш асық *(қып еттирип байдың дизесин услайды)* бул-сениң асығың-дә!

ТАЎАСАР *(шоршып өзин қапталға таслайды).* Не дейди?!…

ӨМИРБЕК. Көз алдыңа келтир, бай ата: түн жарпы, сен шырт уйқыда жатырыпсаң ... Қатты аўырсынып, оянып кетесең! Нени көресең? Еки аяғың да сындырылған, асықлары алынған ... Сен тамды басыңа көтерип ўай-ўайынды сала бересең, ал Лабақ бул ўақытлары асықларды үлеп атырған болады ... Қалай көресең буны, Лабағыңа айта берейин бе?

ТАЎАСАР. Айтпа, айтпа, айтагөрме!!!

ӨМИРБЕК. Енди бизиң қулсаң, солай ма? Неге үндемейсең, я нан услап ишкен антынды шаймалағың келип тур ма?

ТАЎАСАР. Яғаў балам, дүньяда наннан уллы зат бар ма, антты бузады деген не өзи?! Бирақ, бир өтинишим бар.

ӨМИРБЕК. Айтып көр қәне, тыңлап көрейик.

ТАЎАСАР. Мен енди қартайған адамман, балам. Мына, жақыннан берли бабасырым шығып, отырсам — турыўым, турсам жүриўим, жүрсем қайтадан отырыўым қыйын. Қуллыққа орныма мына Темирбекти берсем бола ма?

ӨМИРБЕК *(жортаға ойланып).* Темирбекти дейсең я? Мәйли, болады. Буған да турамыз.

ТАЎАСАР. Ашыўланбаслыққа және шәртлесемиз!!!

ӨМИРБЕК. «Жығылған гүреске тоймас» деген, абайла, бай аға, ендиги мәрте және утылсаң, сени басқа ҳеш кимге аўмастырмайман, сеннен жақсы қул тәрбиялап шығараман! Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!...

ТАЎАСАР. Кимниң қул болатуғынын, көремиз еле! Шығар нанынды! *(Өмирбектиң қойнынан шығарған нанын услап ант етеди.)* Егер сөзимнен тайсам, мени нан урсын!

ӨМИРБЕК. Шәртлеспектен утыўыңа тилеклеспен, бай ата. Ашыўланбайтуғын, мөҳмин мусылманға қул болыўға биз таярмыз, тақсыр! *(Мысқыллап.)* Бул әрманға қашан жетер екенбиз, бай аға?

ТАЎАСАР. Қуда қәлесе жақын арада жетесең балам.

ӨМИРБЕК. *(қолын терисине жайып)* Аўмийн! *(қыртып күледи)* Ҳе-ҳе-ҳе!...

ТАЎАСАР. *(өзинше)* Ҳә, гөринди ийташқанда күлгир-ә! *(Барып гөшлерге асылады.)* Лабақ балам, гөшлеринди арқала, кетейик!

ЛАБАҚ *(әкесиниң қолын қағып жибереди).* Қойсаң-ә, кетсең өзиң кетебер, мен асығын аламан!

ТАЎАСАР *(өзиниң маңлайына өзи урып).* Ўай-ўай-ўай-ўай! Я өли емес, я тири емес бул!... Қурттың-аў, ҳә көзлери парта шыққыр Өмирбек, қурттың-аў! *(Жылайды.)* Қустай салып отқан қулымды айтсаң-ә! Буйырмағырдың ҳеш болмаса, бир кеса сорпасы да буйырмайын деди-аў, қошқарымды айтсаң-ә! Ўай-ўай-ўай-ўай!... *(Жылаўы менен шығып кетеди.)*

ӨМИРБЕК. Темирбек, азатлық қутлы болсын, қуллықтан азатсаң, жора! Ҳәзир соны тойлаймыз. Қошқардың мына гөшлеринен жақсылап кәбап писирейик!!!

ПЕРДЕ

# Екинши перде
# Көринис

Т а ў а с а р д ы ң үйи. Т а ў а с а р бүккесине, узынына түсип жатыр. Ҳаялы Ы м с ы н оған пәрмана болып, көйлегин түрип, ҳәрре шаққан жерлерин көрип атыр.

ЫМСЫН. Ўай-оой!... Шақпаған жеринди қалдырмапты-ғо!...

ТАЎАСАР *(азарланып).* Ўай-ўаай!... Өлетуғын болдым ғой, Ым-сын!...

ЫМСЫН. Шаққан қандай ҳәрре өзи, ешек ҳәрре ме, я пал ҳәрре ме?

ТАЎАСАР. Мени пал ҳәрреге шақтырып Өмирбек жинли ме?! Ешек ҳәрре шақты, ешек ҳәр-ре!

ЫМСЫН. Ўай-ўай, онда шатақ-ғо!

ТАЎАСАР. Ҳе?!

ЫМСЫН. Ешек ҳәрре жыландай уўлы болады дейди. Жуқа жерлериң аман ба әйтеўир?

ТАЎАСАР. Бир қабақ ҳәрре шаққаннан кейин аман жериң қала ма?! Барлық жерим шампан шийшедей тыррыйып кетти. *(аўырсынып)* Ўай-ўаай!...

ЫМСЫН. Қурып қалдық десең-о онда, қурыған маңлайым!

ТАЎАСАР. *(аўырсынып)* Аҳ-ҳ!... Ўай-ўай!...

ЫМСЫН. *(бирден асығып)* Ҳәй, тур, шабазым тур!

ТАЎАСАР. Қаяққа?!

ЫМСЫН. Дуқтырға барып дәри жақтыртып қайтамыз!

ТАЎАСАР. Жақтырарсаң!

ЫМСЫН. Ҳе?!

ТАЎАСАР. Мен усы турысыма дуқтырға барсам, дәри жағып әйтеўир қайтармайды олар.

ЫМСЫН. Неғылады сонда?

ТАЎАСАР. Исигин аламыз деп пышақлап тастайды-ғо, Ымсын-аў!

ЫМСЫН. Ҳеш гәп, тәўир боп кетсең болды-дә!

ТАЎАСАР. Усы жасыңа келип ешейин операция қылған докторды көрдиң бе?

ЫМСЫН. О жағын бәримиз де билемиз. Олардың жаны ақшада: беремиз!

ТАЎАСАР. Ал, мениң жаным қаяқта, оны билмейсең, я?

ЫМСЫН. Ана ширип атырған миллионларың бир шыбын жаныңнан артық па?

ТАЎАСАР. Маған ондай гәплерди айтпа Ымсын, мен өлип-ақ кетейин!

ЫМСЫН. Онда неғылайын, жаңағы исиклериңе кийиз күйдирип басайын ба?

ТАЎАСАР. Кийиз күйдирип басып не, мени шәшлик қыла жақсаң ба?

ЫМСЫН. Онда неғылайын, айтса, неғылайын!

ТАЎАСАР. Ана зеренде, жаңағы ишкенимнен қалған қатықтың жуғы бар, соны арқама жақ. Яқшы ма?

ЫМСЫН. Яқшы.

ТАЎАСАР. Ҳәррениң зәҳәрин бир алса сол алады.

Ымсын зеренди алып оның арқасына қатық жағады.

ЫМСЫН. Дենендеги барлық исиклеринди, сарсықларынды сорып алғай. Ем болғай қудайым!

ТАЎАСАР. Әй, жуқулап жағәй, жетпей қалмасын және-тағы. Ўай-ўай-ўай!... Әстен жақса, аўырып кетти.

ЫМСЫН. Яқшы.

ТАЎАСАР. *(өз-өзинен күйинип)* Ўай-ўай-ўай-ўай!... Не қылсам екен бала?!...

ЫМСЫН. Ҳеш гәп болмас ағасы, күйине бермей-ақ қойса.

ТАЎАСАР *(басын шайқап).* Ҳ-әй, енди күйсем де, писсем де бәри бир болып тур-аў, ҳаял! Нем бар еди шәртлеспек ойнап!? Тынышыма жүрсем болadығо, мен, қартайғанда алжыған ахмақ!!! *(Маңлайына қос қоллап урады.)* Уҳ! Қорқып турман мен Өмирбектен. Әдебинде мен оны «қаңғырып жүрген бир әўмесер шығар» десем, яқ,

мениң өзим әўмесер екенмен. Усыннан және утылсам, қул болып кетисимдағы! А-л, қәйткенде қутыламыз ол баладан, ойласық-ғо, не қылсақ екен?

ЫМСЫН. Усы, дүзде қой бағып жүрген жеринде ғана, өлтирип таслай қойғанда не қылады сол қыршынды? Я оның сорайтуғын бир әменгери, я ата-анасы болмаса…

ТАЎАСАР. Тапқан екенсең ата-анасы жоқты!…

ЫМСЫН. Ҳаў, «журдай жетиммен» деген жоқпеди, ол ғана жуўадай солғыр?!

ТАЎАСАР. «Жетиммен» деп алдаған бизди. Сорастырып көрдим: ата-анасыда, бәри де бар екен!

ЫМСЫН *(жағасына түпирип).* Астаўпыралла-астаўпыралла! Бул адам емес, бизлерге төтелеп келген, көзи қызарған бир бәле шығар!

ТАЎАСАР. Аўа деймен, сол ғой мениң қорқып жүргеним!

ЫМСЫН. Онда не қыламыз?

ТАЎАСАР *(ойланып отырады).* Әй, усы қытықтан адам өле ме?

ЫМСЫН *(түсинбей).* Не, не?

ТАЎАСАР. Адамды қытықлап өлтириўге бола ма деймен, мәңгүр! Ҳаў!…

ЫМСЫН. Ҳе, мен не, күнде адам қытықлап өлтирип жүрип пе едим, онес-әй!… *(Уртын томпайтып отырады.)*

ТАЎАСАР. Солай ма еле?! *(Орнынан ушып турады.)*

ЫМСЫН *(сабайды деп қорқып).* Өйтип бир, не жазығым бар еди мениң!…

ТАЎАСАР. Сөйлеме, тыныш отыр! *(Ымсынды қытықлай баслайды.)*

ЫМСЫН *(ашыўланып).* Ҳаў, көзине мендей бәле көрингир, енди қытықлап өлтирейин деппең мени! *(Жулқынады.)*

ТАЎАСАР. Яғаў. Өйтпесе, ҳаў!… Қытық-қытық-қытық!…

ЫМСЫН *(ашыўы күлкили назға айланады).* Қойшы ағасы. *(Күледи.)* Ҳаў, не болды саған?… *(Күледи.)* Күп… Ҳе-ҳе-ҳе!…

ТАЎАСАР. Қытық-қытық-қытық-қытық!…

ЫМСЫН. Күп… Ҳе-ҳе-ҳе-ҳе-ҳе!… Күпә-күндиз уятты!… *(Күледи.)*

ТАЎАСАР. Қытық-қытық-қытық!…

ЫМСЫН *(күлип атырып, таўланып).* Ўай-ўай, ўа-ҳа-ҳа-ҳа!… Өлдим ағасы! *(Күледи.)*

ТАЎАСАР *(қытықлағанын қойып).* Қалай?

ЫМСЫН. Ўай-ўай! Бүйтип, не қастың бар еди менде?! Өлтире жазладың-ғо!

ТАЎАСАР. Маған керегиниң өзи де солғо!

ЫМСЫН. Мениң өлгеним бе?

ТАЎАСАР. Яқ, Өмирбектиң!

ЫМСЫН. Усы сапар геллең ямана ислеп кетти. Ырасында да жаңа тап өлип қала жазладым-ғо. Қытықлап ғана өлтирейик сол жүўермекти! Ишек-силеси қатып күлип өлсе, бизге ҳешким дыррықшылық ете алмайды.

ТАЎАСАР. Бағана мен оған: «Түсте қойларды жақынырақ жерге ийирип, үйге келип түсленерсең» дедим. Енди оның келип қалатуғын ўақты да шамаласты.

ЫМСЫН. Онда не қыламыз?

ТАЎАСАР. Ол келгеннен, сен шығып жән-жаққа қарап тур.

ЫМСЫН. Яқшы, биреўлер көринсе, дәрриў «ү-ҳө» деп хабар беремен-ғо.

ТАЎАСАР. Ҳәзир келсин қәне, өлигин шығараман бул үйден, өлигин!

ЫМСЫН. Өлтирип болып қаяққа көмесең оны? Әўлийеге апарсаң, биреў-миреў көрип қалса…

ТАЎАСАР. Не, әўлийеге апарып ол бир мениң әкем бе?!

ЫМСЫН. Онда қәйтесең?

ТАЎАСАР. Егерде, қытықлағаныма ашыўланса — жүдә жақсы, онда маған қул болады. Ашыўланбаса, қытықлаўдан өлмесе, онда өзим бас салып өлтиремендағы, түнде дәрьяға апарып, мойнына тас байлап, өлигин суўға зыңғытып келемен!

ЫМСЫН. Дурыс. Ата-анасы излеп келсе, «Қой бағып жүрип ушты-күйди жоқ болып кетти, үйиңе барған жоқ па» деп өзлерине асыламыз.

Сырттан Л а б а қ келеди.

ЛАБАҚ. Апа, иммә бейш.

ЫМСЫН. Айналайын усының ғана «имма» ишкиси келгенинен. Ҳәзир, балам, ҳәзир! *(Местен суў әпереди.)* Енди, «нәнне, иммә» дегенди қойып, «нан, суў» деп үйренсе балам-аў. Уят болады-ғо, нәмнаған жигит болдың ақыры!

ЛАБАҚ. Я-қ! *(Тепсинеди.)*

ТАЎАСАР. Гөрде үйренер, гөрде! Ана кийип жүрген кийимлерине қара!... Жигирма беске шығады-аў бул, ҳә жигирма бес кесектиң астында қалғыр-ә!

ЛАБАҚ. Үсийтип бақыра берсең барғо, мынаныәм шешип тастайман! *(ышқырын устап дамбалын шешпекши болады)*

ЫМСЫН. Лабақжан, өйтпе балам, уят болադығо!

ЛАБАҚ. Яқшы. Бирақ, бақырса бәри бир шешемен!

ЫМСЫН. Яқ, бақырмайды!

Ы м с ы н шығып кетеди.

ТАЎАСАР. Не қылдыңыз, қошқардың гөшин таўыстыңыз ба?

ЛАБАҚ. Аўа-дә! Өмирбек ямана каўап писиреўик екен, аға, ақ қошқардың қалған гөшиниң ҳәммесинен каўап писирип берди. Яммана мазалы, ҳе-ее!...

ТАЎАСАР *(өзинше).* Тесип шыққайсаң-дә, ҳә тесип шыққыр-ә! Қалай асығы тийгишпе екен?

ЛАБАҚ. Әй, оншамес!

ТАЎАСАР. Сондай бир тийгиш асық бар, айтайын аласаң ба?

ЛАБАҚ. Кимде?

ТАЎАСАР. Өмирбекте! *(Тобығын, қолының билезиклигин услап.)* Оның мынер, мынерлеринде сондай тийгиш асықлары бар!

ЛАБАҚ. Оларды қалай аламан?

ТАЎАСАР. Оларды Өмирбек қой бағып жүрген жерине әстен барып, оның мойнынан қатты қысасаң, оннан кейин ол уйықлайды. Бирақ, ол тым-тырыс болып уйықлағанша мойнын жаздырмайсаң.

ЛАБАҚ. Өлип қалмай ма?

ТАЎАСАР. Уйықлайды дедим-ғо, уйықлайды! Оннан кейин жаздырсаң, Өмирбектиң аяқ-қолларынан, сеннен жасырып жүрген

яммана тийгиш асықлары, өз-өзинен шыға береди, сен алып қайта бересең.

ЛАБАҚ. Сен алдайсаң. «Ондай асық жигитлерде емес, ғаррыларда болады» деди.

ТАЎАСАР. Оны ким айтты?

ЛАБАҚ. Өмирбек айтты. Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!... Сени «алдайды» деди!

ТАЎАСАР. Қудайдың өлими саған, ҳә!...

Ы м с ы н келеди.

ЫМСЫН *(Таўасарға ымлап).* Киятыр!

ТАЎАСАР. Яқшы!...

Ы м с ы н шығып кетеди.

ТАЎАСАР. Қытықласпақ ойнайсаң ба?

ЛАБАҚ. Сениң менен бе? *(Аўышланып күледи.)*

ТАЎАСАР. Яқ, Өмирбек пенен!

ЛАБАҚ. Ойнайман!

ТАЎАСАР. Ҳәзир Өмирбек келеди, мен оны қытықлайман, сен-әм қытықлай бер, және мени қытықлап жүрме, яқшы ма?!

ЛАБАҚ. Яқшы!

Ө м и р б е к л а қ қ ы келеди.

ӨМИРБЕК. Ассалаўма-әлейкум, бай ата!

ТАЎАСАР. Ўаәлейкум-ассалам! Өмирбек кел, кел балам!

Екеўи қол алысады.

ӨМИРБЕК. Киятырман ата, сизди дым көргим келип кетти.

ТАЎАСАР *(Өмирбекти қушақлап сүйеди).* Айналайын усы ғана баладан. Күннен-күнге жақсы көрип баратырман-әй сени. Тап, баламдай еркелетип ойнағым келеди. Қытық-қытық-қытық!...

ЛАБАҚ. Өмирбек, қытық-қытық-қытық!...

ТАЎАСАР. Сениң қытығың келмейме деймен-әй, я? Қытық-қытық-қытық!...

ӨМИРБЕК. «Қытық деген қорқақ ҳәм қызғаншақ адамларда болады» дейтуғын еди, баяғыда атам пақыр. Ҳәзир көремиз, кимниң қытықшыл екенин. Қытық-қытық-қытық-қытық!...

Екеўи бир-бирин қытықлайды, Ө м и р б е к  л а қ қ ы н ы ң қытығы келмейди, Т а ў а с а р д ы ң қытығы келип, күлиўи менен жығылады.

ТАЎАСАР. Қой, қой деймен бала! *(Қытығы келип күле береди.)*

ӨМИРБЕК. Лабақ, кел, қолын усла, ағаң менен бир жақсылап қытықласпақ ойнайық!

ЛАБАҚ *(қуўанышлы).* Яқшы! *(Әкесиниң қолын услайды, Өмирбек қытықлайды.)*

ТАЎАСАР. Ўай-ўай, өлдим!

Айналшықлап қытықлап жүрген Ө м и р б е к  л а қ қ ы н ы теўип жибереди, қызық көрип Л а б а қ күлип отырады.

ӨМИРБЕК. Қойып турса, қурттай ойнайық-та, бай ата. Қытық-қытық-қытық!...

ТАЎАСАР *(күлиўге де ҳалы келмей ентигип).* Қой дегенде, қой деймен енди! Ўай-ўай өлдим!...

ӨМИРБЕК. Лабақ, яқшы, ағаңның қолын жибере-ғо. Далада Темирбек отырыпты, соны барып шақырып кел, бар!

ЛАБАҚ. Яқшы. *(Тамашагөйлерге.)* Ағам менен, қытықласпақ ойнадық-аў!... Ўәй қызық болды-аў!... *(Кетеди.)*

ТАЎАСАР *(Лабақтың изинен, ашыўланып).* Қудайдың өлими болды-аў!...

ӨМИРБЕК. Ашыўландың, утылдың, бай ата, утылдың! Қул болыўдың қандай болатуғынын енди көресең, қуллық қутлы болсын!

ТАЎАСАР *(ентигин басалмай).* Усы, жағаңа жабы-сыйып, өле қалайынба со?!

ӨМИРБЕК. Ла-бақ!...

ТАЎАСАР *(Лабақтан қорқып).* Қудайдан тапқайсаң, мәйли көндим!

Т е м и р б е к келеди.

ӨМИРБЕК. Темирбек, саған тапсырма. Мынаның дүнья-малларының ҳәммесин халыққа үлестирип бересең. Ал өзи, усы аўылдың малын бақсын. Халық берсе — кийсин, берсе — ишсин. Булар-дә, өз тамағын өзи таўып үйренсин-дә, ақыры!

ТЕМИРБЕК. Дурыс, бул табылған ақыл жора!

ӨМИРБЕК. Ата-анамды, туўған-туўысқанларымды дым сағынып кеттим, Темирбек. Үйге қайтаман.

ТЕМИРБЕК. Ҳаў, мынаның менен мениң бир өзим!...

ӨМИРБЕК. Егерде, нан услап ишкен антын бузса, сениң айтқанынды қылмаса, үйдиң бағдарын билесең ғо, дәрриў хабар бер маған!

ТЕМИРБЕК. Яқшы достым!

ТАЎАСАР *(күледи).* Ҳе-ҳе-ҳе!...

ӨМИРБЕК. Ҳе, Таўасар қул!!!

ТАЎАСАР. Әй, жайша өзим-ақ. «Үйди сағындым, кетемен» деп атырсаң. Усы кеткеннен биротала кетесең бе, я айланып келесең бе? *(Қулағын тутып.)* Я, бай ийем? *(Мысқыллы күледи.)* Биздей қулыңыз, хожасыз қалып жүрмесин және-тағы. Ҳе-ҳе-ҳе!...

ӨМИРБЕК. Сен қусаған ҳарам тамақ байлар, халықтың үстинен күле берсе, мен үйде қалай тыныш жатаман?! Әлбетте, келемен. Еле, сен қусағанлар менен талай қытықласпақ ойнаймыз. *(Байды қытықлайды.)* Қытық-қытық-қытық!...

ТАЎАСАР *(қытықтан қашып жүрип).* Болды, болды! Болдым, болдым, шопаның болдым!

Ө м и р б е к л а қ қ ы ҳәм Т е м и р б е к кетеди.

ТАЎАСАР. *(қолларын жайып, олардың изинен)* Усы кеткениңнен келмегейсең, түсиме де енбегейсең, Әўмийин!...

ПЕРДЕ

# Авансцена

Ө м и р б е к  л а қ қ ы ,  Т а з ш а ,  Т е м и р б е к

ТЕМИРБЕК. Мен оған, «Өмирбектиң тапсырмасы бойынша, малларынды мына адамларға бөлистирип беремен, өзиң ертең азаннан баслап усы аўылдың малларын бағасаң» дедим. Ал, ол орнынан өрре турып: «Мениң қул болғанлығым ҳаққында, қандай дәлийллериңиз бар сизлердиң?» деди-әй бозарып.

ӨМИРБЕК. Ҳаў!...

ТЕМИРБЕК. Аўа деймен! Мен соннан «Нан услап ант иштиң ғой» деп едим, «Услаған нанымды ишкен антыма қосып жеп қойдым» деди, мысқыллап күлип.

ӨМИРБЕК. Ўәй, нан урғыр-әй! Еле солай де?! Ал соннан?...

ТЕМИРБЕК. «Усыннан Өмирбек келе ғойса не қыласаң?» деп едим, «Өмирбек келмек түўе, әкеси келсе де, қуры нан дәлийл бола алмайды. Оның ушын «Мен шәртлескен шәртимнен утылдым, Өмирбекке қул болдым» деп, изине мениң бармағым басылған ҳүжжет керек. Ҳүжжетиң жоқ, тур жоқ бол!» деди де мени таяқлап қуўып салды.

ӨМИРБЕК. Таяқлап қуўып салды?!

ТЕМИРБЕК. Аўа.

ӨМИРБЕК. *(пәрўайы пәнсери)* Ҳа-ҳа-ҳа!... Ўәй, Таўасар-әй!

ТЕМИРБЕК. Бул еле, ҳеш г-әп!

ӨМИРБЕК. Ҳе?!

ТЕМИРБЕК. Қазы сени излетип атыр! Жән-жаққа атлы жиберген қусайды.

ӨМИРБЕК. О неге?

ТАЗША *(таңланып).* Ҳаў, қазысы нес бала?!

ТЕМИРБЕК. «Өмирбекти жоқ қылып бер» деп, Таўасар қазыға пара берген!

ӨМИРБЕК. Ҳаў!

ТАЗША. Астаўпыралла!

ТЕМИРБЕК. Қазы мени де шақыртып алып: «Өмирбектиң үйин айт» деп азаплады, төлеге қамап қойды. Инанбасаң мине!

Кийимлерин түрип жиберип, жаўырнын көрсетеди.

ӨМИРБЕК *(таяқтың излерин көрип).* Бунша не жазығың бар еди, жоражан-аў!

ТАЗША. Ўай-ўо-ий!...

ТЕМИРБЕК *(қамсығып).* Таяқтан сулап қалсам да, айт деп суў бүркип сабай бергенсоң, ҳалдан биротала кетип қалғанман ғо. Өлип қалған деп, шығарып таслапты. Өзиме келсем бир гөне тамның ишинде жатыр екенмен. Соннан берли сени излеп шыққаныма мине үш күн болды. Басларымыздың ғамын етпесек болмайтуғын түри бар, Өмирбек!

ӨМИРБЕК. Бизлердиң басларымызға ҳеш бәле келмейди, қорқпа, Темирбек. Бирақ, олардың басларына күн туўғызыўымыз шәрт!

ТЕМИРБЕК. Қалай?

ӨМИРБЕК. Жүриң қәне, жол-жөнекей ҳәммесин түсиндирип беремен!...

Кетеди.

# Екинши бөлим
## Үшинши перде
## Көринис

Түн. Таўасардың үйи. Қулымбет қазы ҳәм Таўасар бай дастурхан басында отыр. Өмирбек лаққы, Темирбек, Тазша тасаланып, айнадан тың тыңлап тур.

ҚУЛЫМБЕТ *(Таўасардың басын шөкелеп).* Сениң мына басындағы мий ме, я быламық па? «Қазыға баспақлы сыйыр параға бердим» деп,

дуйым-журтқа неге жайып шығасаң? *(Таўасар бай үнсиз.)* Әй қабақ бас, саған айтаман!

ТАЎАСАР. Меңлимурат молладан басқа ҳеш кимге айтқаным жоқ тақсыр!

ҚУЛЫМБЕТ. Сен өзи, Меңлимурат молланың ким екенин билесең бе?

ТАЎАСАР. Усы аўылдың уламасы!

ҚУЛЫМБЕТ. Мен оны айтып атырғаным жоқ. Меңлимурат моллаға айттың не, пүткил аўылға жайып шықтың не — буны сен неге билмейсең, гешше!!!

ТАЎАСАР. Астаўпыралла!

ҚУЛЫМБЕТ. Болды, сениң бул исиң бизден питпейди. Бар, сол Меңлимурат моллаң менен бола бер! Мен жан-жаққа жиберген атлыларымды қайтартаман!

ТАЎАСАР. Тақсыр, бизден бир билмеслик өтти. *(Қалтасынан шекийнели теңге алып тутады.)* Мине, азда болса көптей көрип алың тақсыр, мине!... *(Теңгелерди сыңғырлатады.)*

ҚУЛЫМБЕТ. Яқ, яқ! Қой, сен аўзында сөз турмайтуғын адам екенсең!...*(Теңгелерге ишара етип.)* Бул бергенинди де дуйым журтқа ҳаўаза етерсең!

ТАЎАСАР. Тақсыр, енди иллә деп аўзымды ашпайман, ашсам тилимди кесиң. Мине тилим, мине!... *(Тилин шығарып, теңгени сыңғырлатады.)*

ҚУЛЫМБЕТ *(күлип).* Пай, Таўасаржан деймен-аў!... Бир жабыссаң қоймайсаң-дә!

ТАЎАСАР. Тек, мени сол Өмирбек деген бәледен қутқарып берсеңиз болды. Мине, тақсыр, мине!

ҚУЛЫМБЕТ *(теңгени алып, наз қылып).* Пай бүйтип неғылайын деп един.

ТАЎАСАР. Әпиў етиң, тақсыр, әпиў етиң!

ҚУЛЫМБЕТ. Ал, қуртқанда не қылайын, қул қылып берейин бе, я биротала күл қылып берейин бе?

ТАЎАСАР. Үйиң жанғырдың ғана баласының күлин атызға шашып-шашып, орнына гешир ектирип жиберейин. Күл қылып бериң, тақсыр, күл қылып бериң!

ҚУЛЫМБЕТ. Ҳеш ғам жеме, о баланы таўып алып гүм қыламыз еле. Ал, онда мен қайтаман.

ТАЎАСАР. Түнде сүрмелекленип жүрмейақ қойың, қонып кете бериң, тақсыр, бала-шаға да қыдырып кетип еди. Лабақжанды ҳәм ҳаялды әжапамның үйине жиберген едим.

ҚУЛЫМБЕТ. Яқшы, болады.

Сахна қараңғыласады, екеўи төсек салып, шешинип жатады.

ҚУЛЫМБЕТ. Таўеке!

ТАЎАСАР. Ләббай, тақсыр!

ҚУЛЫМБЕТ. Усы күнлери бала, әжеп тәўир түслер көрип шығаман-әй!...

ТАЎАСАР. Түсиңизди Юсип пайғамбарым жорысын, тақсыр!

ҚУЛЫМБЕТ. Түнде түс жорытыўға болмайды дейтуғын еди, әй, жаманы жаўдың басына!...

ТАЎАСАР. «Түс — түлкиниң тезеги» деген, ҳеш гәп болмас тақсыр, айтабериң!

ҚУЛЫМБЕТ. «Түс» деп түскеде усамайды-аў бала. Кеше үш күнликте, «Қулымбет, балам» деген даўыстан шоршып ояндым. Түс көрип атырман ба десем, яқ, ол даўыс және қайталанды. Жән-жағыма қарайман, ҳеш нәрсе көринбейди. Бу күнлери — ай сүттей жарық-ғо, — айнаға қарасам, көзлериниң унғысы үңирейип, бир қуў гелле айнадан үңилип тур. «Балам, мен әкең Дилимбетпен ғой, аш болып жүрмен ғой шырағым, аш болып жүрмен ғой!» деп, жаңағы қуў гелле тислери сақылдап жылады да, бирден көзден ғайып болды.

ТАЎАСАР. Садағаң кетейин, аўылдағы ең улама адам еди-ғо! Ҳе?...

ҚУЛЫМБЕТ. Соннан ертеңине, бир қой сойып садақа берип, қуран шығартып жибердим. Күни кеше-аў, тап күни кеше! Ярым

ақшамда, жүўери атызда майданлап отырсам, «Балам!» деген даўыстан отырған орныма «былш» ете қалдым.

ТАЎАСАР. Астаўпыралла!...

ҚУЛЫМБЕТ. Жаным ийегиме барып қайтып, даўыс шыққан жаққа әстен қарасам, *(Қолларын қанатлап көрсетеди.)* әкем кепинин сүйретип деп тур. «Ол жақта да қолыңа қарайды екен, беретуғының болмаса жүдә қыйын екен, балам. Кешеги сениң берген садақаңның шарапаты шығар, мени ҳүрметлей баслады — мине бүгин қус болып ушып жүрмен. Усындай етип, тез-тез садақа берип тур, балам. Әсиресе, қәўендерсиз жетим-жесирлерге бе-ер!» деди.

Айнадан қарап Өмирбек лаққы, Темирбек ҳәм Тазша қуўжыңласып күлип турады.

Және: «Сен ҳаққында Қыдыр атаға жолықтым, қәдир түн күт, қәдир түн күт, тилегинди тилеп қал, жалғызым!» деди де, сағымдай жылыслап, ҳәремди айланды да, көзлеримнен ғайып болды.

ТАЎАСАР. Аўа, ҳәзир ораза, нағыз қәдир түн күтетуғын ўақытғо!

ҚУЛЫМБЕТ. Аўа, мен қәдир түн күтейин онда, сонда да сергегирек болып жатагөр, Таўеке!

ТАЎАСАР. Яқшы, тақсыр!

Қулымбет қазы мүлгип отырады. Ақ шапанлы, ақ сәллели, ақ сақаллы Қыдыр ата болып, ағаш аяққа минип Тазша келеди. Мүлгип отырған Қулымбет қазыны ҳасасы менен түртип оятады.

«ҚЫДЫР АТА» *(қолларын жайып).* Әкең саған мен ҳаққында аян берген шығар, жай қолынды, тиле тилегинди!

ҚУЛЫМБЕТ *(бойы үш метрден де узын «Қыдыр ата»ны көрип, ҳаўлығып ҳәм тутлығып).* Жү-жү-жүз жыл өмир!

«ҚЫДЫР АТА». Және қандай тилегиң бар?

ҚУЛЫМБЕТ. Жудырықтай алтын бер.

«ҚЫДЫР АТА». Жудырықтай алтын дейсең я?

ҚУЛЫМБЕТ *(ашкөзленип).* Яқ, яқ, ат басындай алтын бер!

«ҚЫДЫР АТА» *(оған қолындағы ҳасасын тутып).* Мә, сүй мынаны!

ҚУЛЫМБЕТ *(таяқты сүйип, тиленип).* Қыдыр ата, ат басындай алтын бер, аттың басындай алтын!... *(Қолларын жайып отырады.)*

«ҚЫДЫР АТА» *(бетин сыйпап).* Аўмийн! Бирақ, сени бир сынап көриўим керек.

ҚУЛЫМБЕТ. Сынаң, Қыдыр ата, сынаң!

«ҚЫДЫР АТА» *(қолындағы таяғын Қулымбет қазының қалтасына тийгизеди. Теңгелердиң сыңғырлысы еситиледи).* Сениң денеңде ҳарам зат бар-ғой. Ол не зат?

ҚУЛЫМБЕТ *(қалталарын услап).* Ҳеш нәрсе жоқ Қыдыр ата, ҳеш нәрсе жоқ!

«ҚЫДЫР АТА». Есиң болса, мени алдайгөрме. Сынағымнан өте алмасаң, о дүнья-бу дүнья тилегиң қабыл болмайды.

ҚУЛЫМБЕТ. Ана неғо, Қыдыр ата, не-ғо ... қурттай теңге-ғо. Мә, алағойың. *(Теңгени береди.)*

«ҚЫДЫР АТА» *(теңгени алып).* Бундай нәрселерди өртеп жибериў керек! *(Шекийнени қалтасына салады.)*

ҚУЛЫМБЕТ. Өртең, Қыдыр ата, өртең! Бирақ, маған ат басындай алтын берегөриң.

«ҚЫДЫР АТА». Бираздан соң, *(аспанды нусқап)* аняқта басқоспа мәжилис болады. Тилеклериңди ояқтағылар менен ойласып көремиз. Ендигиден былай жаман жер баспа, таза жүр! *(Кетеди.)*

ҚУЛЫМБЕТ. Яқшы, ата! *(Изинен аўзы аңқайып.)* Бу садаған кетейинлер-әм ойласады екен-аў бала! Садаған кетейиним, «жаман жер баспа» деди-аў маған. *(Аяғының астыларына қарайды.)* Усы, байдың үйи иши қалай екен-әй бала?!...

Қ у л ы м б е т қ а з ы жуўырып барып, сипсе алып, жулқынып үйдиң ишин сыпырады, Ө м и р б е к л а қ қ ы , Т е м и р б е к ҳәм Т а з ш а тасада күлисип турады.

Ендигиден былай аяқ бассам, жүретуғын жолымды сыпырып басайын. Әй, онда, «Қазыны жин урыпты» деп адамлар күлмес пе екен-әй? «Елдиң аўзын жаппаға елли ғары бөз керек!» деген, күлсе

күле бермей ме! Өзлерине «Ат басындай алтын беремен» десе, жер-жәҳәнди тили менен жалап шығар еди-аў.

Т а ў а с а р б а й оянып аң-таңы шығып қарап отырады.

ТАЎАСАР. Тақсыр, буне, жети түнде үй сыпырып?

ҚУЛЫМБЕТ. Дым үндеме бала, келди!

Ө м и р б е к л а қ қ ы гереңсымақланып
Т е м и р б е к пенен келеди.

ТАЎАСАР *(аң-тан).* Ҳаў!... Мыналарды айтып турсыз ба тақсыр?

ҚУЛЫМБЕТ *(сескенип ҳәм таңланып).* Астаўпыралла, ҳаў, жети түнде!...

ӨМИРБЕК *(Темирбекке).* Қайсысы буның Қулымбет қазы, ана төсекте жатырғаны ма, я мына сипсе услап турғаны ма?

ҚУЛЫМБЕТ. Ҳаў, не, не дейди мынаў?!

ТАЎАСАР *(Өмирбекке).* Сен не қылып жүрсең бул жерде?

ТЕМИРБЕК. Жатырғаны емес, мынаўсы!

ӨМИРБЕК *(гереңлерше қулағын тутып).* Не, не дейсең?

ТЕМИРБЕК. Мынаў, мына сипсе услап турғаны деймен!

ӨМИРБЕК. Ҳе-е! *(Қулымбет қазыға.)* Сиз ырас-ақ қазысыз ба? *(Қулағын тутады.)*

ҚУЛЫМБЕТ *(ширенип).* Ҳе, енди ким деп един?!

ӨМИРБЕК *(қулағын тутып).* Я?

ҚУЛЫМБЕТ. Енди ким деп един деймен?

ӨМИРБЕК *(қулағын тутып).* Я?

ҚУЛЫМБЕТ. Қазыман, ҳә тасгереӊ!!!

ӨМИРБЕК. Бизиң аўылда бир бий бар еди-аў, соған дым уқсайды екенсиз дә!

ҚУЛЫМБЕТ. Ким деген?

ӨМИРБЕК. Я?

ҚУЛЫМБЕТ. Өлим-м, тасгереӊ! Аты ким деймен, аты?

ӨМИРБЕК. Ат емес, сыйыр! Сыйыр болғанда да — баспақлы сыйыр! Сол сыйырды параға жаңағы бий алған. Соның ушын оны патшаҳымның тайынлаған адамы келип өлтирип таслады.

ҚУЛЫМБЕТ *(селк кете қалады.).* Яўпырмай бала!

ӨМИРБЕК. Сен жаңарақта «тас» дедиң бе? Яқ, яқ, тас пенен урып өлтирген жоқ, ўәй еле билмейди екенсең-аў, ўәй-йй! Оны дарға астырып өлтиртти.

ҚУЛЫМБЕТ. Атың ким сениң? Кимниң баласысаң?

ӨМИРБЕК. Кимниң баласы екенин билмеймен тақсыр. Бирақ, «парахорлар дарға асылсын» деген ханнан жарлық қағазы бар, беглербеги деген үлкен адам дейди. Сол дарға астыртып өлтирткен.

ТАЎАСАР. Әй, сен Өмирбек емессең бе?

ӨМИРБЕК *(қулағын тутып).* Не дейсең?

ТАЎАСАР. Сен Өмирбексең-ғой, ҳә Қудайдың ғарғысына ...

ӨМИРБЕК. «Ғарға» дейсең бе? Аўа, көзин ғарға шоқыды. Қақылдап, жан-жақтан ушып келип гүў басты дейсең! Дарға астырғаннан кейин де үш күн турды, өлимтигине шыбын үймелеп. Пуҳ-ҳҳ!... Ийиси мурнымнан еле кетпейди-әй. Пуҳ-ҳҳ!...

ҚУЛЫМБЕТ. Әй, сен өзи неғып жүрген баласаң? Сәлем жоқ, әлем жоқ, түн жарпында тап әкеңниң үйиндей басып кирдиң, және аўзыңа келгенди таталап турсаң!

ТЕМИРБЕК. Ҳаў, жаңа ғана түсиндирди-ғой!

ҚУЛЫМБЕТ. Нени түсиндирди? Нени түсиндик?

ТАЎАСАР *(қазыға).* Өмирбек деген, тап усы тақсыр!

ҚУЛЫМБЕТ. Қойсаңа сол бир Өмирбегинди! Бул — барып турған тасгереӊ-ғой!

ӨМИРБЕК *(қулағын тутып).* Ҳаў, «Өмирбегим» дейсең бе? Сен Өмирбекти таныйтуғынбедиң? Ўай-ўай-йййй, тири ғайып туўысқаным ўай-ўай-йй-й! Ийтиң келди, өзиң жоқсаң, ўай-ўай-йй! Нәлетий бай Таўасар сени бассалып өлтирди, ўай-ўай-йй! Түнде дәрья бетке апарып, ўай-ўай-йй! Мойнына тас байлап, ўай-ўай-йй! Өлигинди суўға зынғытқан, ўай-ўай! Нәлетий бай, ўай-ўай-йй!

ҚУЛЫМБЕТ. Ҳай қойсаң-ә! Түн жарпында пүткил аўылды оятып жиберерсең! *(Темирбекке.)* Ҳәй бала, не деп тур мына гереӊ, түсиндирсең-ә! «Ийт» дейди, «Өмирбек» дейди…

ТЕМИРБЕК. Бул Өмирбектиң ағасы, тақсыр, инисин жоқлап тур!

ТАЎАСАР. Тақсыр, булардың ҳеш қайсысының сөзине исенбең. Мына гереӊ, мениң күни мененги сизге айтып отырған Өмирбегимниң тап өзи!

ҚУЛЫМБЕТ. Ол Өмирбек деген-әм гереӊ бе еди?

ТАЎАСАР. Яғәй, гереӊ қайда саған-ә!

ҚУЛЫМБЕТ. Ҳаў, мынаў тас гереӊ-ғо!

ТАЎАСАР. Бул жорта қылып тур, тақсыр, жорта!

ҚУЛЫМБЕТ *(Өмирбекти түртип).* Әй, атың ким сениң?

ӨМИРБЕК. Я?

ҚУЛЫМБЕТ. Атың ким деймен? Ат, ат, атың деймен!

ӨМИРБЕК. Ҳ-е! Ат дейсиз, я? *(Ойланған болады.)* Яқшы. Таўасар деген байды таўдырып, Өмирбегимниң қанын әперсеңиз, ат-ғой ат, аттан да баҳалырақ бир нәрсе беремен тақсыр!

ҚУЛЫМБЕТ *(Таўасар байға мәнили қарап).* Аттан да баҳалы зат?!

ТАЎАСАР. Мен бул жүўермекти танып турман тақсыр, *(сыбырлап)* буларды әжел айдап келген шығар, екеўинде гүм қылайық!

ҚУЛЫМБЕТ. Қәйдем билейин, бул бала «Баҳалы бир нәрсем бар» деп тур ғой.

ТАЎАСАР. Ондай баҳалы зат, қудайдың өлимин жей ме бундай гезендеде! Үстиндеги көйлек-ыштанынан басқа дымы жоқ бунын, бул алдап турыпты тақсыр-рр!

ҚУЛЫМБЕТ *(сақалын қасып).* Алдап тур дейсең я?

ТАЎАСАР. Аўа, алдап тур! Тап усы баланы жоқ қылып берсеңиз, бес сыйыр беремен тақсыр, бес сыйыр!

ӨМИРБЕК *(қазыны өзине тартып).* Тақсыр, берман келиң. *(Мушын салмақлап.)* Жудырықтай алтын беремен, тақсыр, алтын!

ТАЎАСАР *(ол да қазыны өзине тартып).* Төрт түлик малымның тең жартысын беремен, тақсыр, тең жартысын!

ҚУЛЫМБЕТ. Мына баланы «алдайды, алдайды» деп күни менен қақылдап турсаң, бизди өзиң алдап кетпе және-тағы. *(Күледи.)*

ТАЎАСАР. Нан урсын алдамайман, тақсыр!

ҚУЛЫМБЕТ. Онда, мынаның Өмирбек я Өмирбек емес екенин анықлап бер.

ТАЎАСАР. Яқшы. *(Темирбекке.)* Темирбек, мынаў Өмирбек пе, я Өмирбек емес пе?

ТЕМИРБЕК. Өмирбек достым болғанда, усы ҳалға түсермедим мен. Ўә-әә!... *(Жылайды.)*

ТАЎАСАР. Өшир үнинди, ҳә сестиңе суў қуйылғыр-ә! *(Өмирбекти нусқап.)* Мынаў ким сонда?

ТЕМИРБЕК. «Өмирбектиң әжағасыман, атым Даўылбек, байды таўып, геллесин аламан» дейди.

ТАЎАСАР *(өзинше).* Не қылсам екен бала? Усы екеўиниң де ишине пышақты гөмип-гөмип ала қойғанда қәйтер еди? Изи болса көрер едим-дә!

ҚУЛЫМБЕТ *(Таўасар байға).* Буны өзим бир сынап көрейин!

ТАЎАСАР. Болады, сынаң, тақсыр, сынаң!

ҚУЛЫМБЕТ *(Өмирбекке).* Әй тасгерең!

ӨМИРБЕК. Я?

ҚУЛЫМБЕТ. Қулағынды түриңкиреп тур, түриңкиреп, яқшы ма?!

ӨМИРБЕК. Я?

ҚУЛЫМБЕТ. Өлим! Неп-бәле, қулағына қорғасын қуйылған ба бунның?! *(Темирбекке.)* Ҳа бала, бақыр мынаның қулағына!

ТЕМИРБЕК. Не деп бақырайын тақсыр?

ҚУЛЫМБЕТ *(Таўасар байды көрсетип).* Мына адам сени Өмирбек деп танып тур де!

ТЕМИРБЕК *(Өмирбектиң қулағына).* Мына адам, сени Өмирбек деп танып тур, танып тур!

ӨМИРБЕК. Мени ме?

ТЕМИРБЕК. Аўа, аўа!

ӨМИРБЕК. Өйтип, Өмирбекти таныйтуғын ким екен ол?

ҚУЛЫМБЕТ. Таўасар деген бай де!

ТАЎАСАР *(қорққанынан күйинип).* Гөжени төкти-аў мына терис сынағыр!

ТЕМИРБЕК *(Өмирбекке).* Таўасар деген бай дейди, бай!

ӨМИРБЕК. Не дейди?

ТЕМИРБЕК *(бақырып).* Таўасар деген бай дейди, бай!

ӨМИРБЕК. Таўасар?!

ТЕМИРБЕК. Аўа!

ӨМИРБЕК *(Таўасарға).* Әй, дүньяпараз, ҳарамтамақ, парахор! Мениң жалғыз туўысқаным, Өмирбегим қаяқта, қаяққа жоқ қылдың оны?! Ҳа!...

«Қ ы д ы р  а т а» келеди.

ТАЎАСАР *(Қулымбет қазыға).* Ҳаў, бул ким тақсыр?

ҚУЛЫМБЕТ. Жаңа сен уйықлап атырғанда келип кетип еди: Қыдыр ата-ғо! *(Өзинше.)* Алтынды әкелди ме екен-әй, және келди-ғо, бу садағаң кетейин!

«ҚЫДЫР АТА». Бул не шаўқым?!

ТАЎАСАР. «Қартайғанда мени қорламай-ақ қойсын, Өмирбекти таўдырып мениң менен жарастыр» десем, мына қазы меннен пара сорады, пара сорады!

ҚУЛЫМБЕТ. Ҳаў-ҳаў!... Ўәй, ант урған сениң!

ТАЎАСАР. «Со, бала менен салғыласып жүресең бе, биротала гүм қылып берейин, пара бер» дейди.

ҚУЛЫМБЕТ. Ҳә, гөринде өгиздей өкиргир-ә, қашан мен сеннен пара сорадым?!

ТАЎАСАР. Ҳе, өтирик пе? Тап жаңа мына баллар келердиң алдында ғо, тартып алғандай қылып, қалтамдағы бары-жоқтың бәрин, сыпырып-сыйырып параға алғаның!

ҚУЛЫМБЕТ. Мен сеннен ҳеш нәрсе алғаным жоқ, мен сени танымайман!

«ҚЫДЫР АТА». Ҳаў-ў, Қулымбет қа-зы! Мен Яратқаныма барып, саған жүз жыл өмир тилеп, ат басындай алтын соратып жүрсем, сеники не!...

ҚУЛЫМБЕТ. К-к-кешириң, кешириң ата, енди нан урсын өйтпеймен!

ТАЎАСАР *(тамашагөйлерге).* Бул тап, Өмирбектиң өзи, өзи! Мына терис қыдырғыр Қыдыр атаның келип қалғанын айтсаң-ә. Болмаса ҳәссений-йй!... Қой, оннан да басымның ғамын қылайын! *(Қашып кетеди.)*

ӨМИРБЕК *(Темирбекке).* Жаңағы не дейди?

ТЕМИРБЕК. Ол Таўасарғо, қашып баратыр!

ӨМИРБЕК. Я?

ТЕМИРБЕК. Таўасар қашып баратыр деймен, қашып!

«ҚЫДЫР АТА» *(Өмирбекке).* Сениң не қулағың еситпей ме, балам?

ӨМИРБЕК *(қулағын тутып).* Я? «Ылағың» дейсең бе? Яқ, яқ, ылақ емес, бул жерде гәп сыйыр ҳәм аттың үстинде кетип атыр.

«ҚЫДЫР АТА». Яқшы, ҳәммеси түсиникли.

«Қыдыр ата» дуўа оқып дем сала баслайды.
Қулымбет қазы аңырайып қарап турады.

Суф, суф, суф-фф! Еситтиң бе?

ӨМИРБЕК. Аўа, аўа, еситтим ата! *(Қулағын шуқлап.)* Бурын қорғасын қуйылғандай тас болып туратуғын еди, енди қулақларымның ишинен самал есип тур, ата. Рахмет, рахмет атажан!

ҚУЛЫМБЕТ *(өзинше).* Ҳә қүдиретиңнен айналайын, садағаң кетейиним-ә! *(«Қыдыр ата»ның аяғына жығылады.)* Бендешилик еттим, бир қәтелигимнен кешиң, Қыдыр ата!

«ҚЫДЫР АТА». Тоқта, маған саза келип тур!

ҚУЛЫМБЕТ. Астаўпыралла!...

Тазша аспанға қарап, Қудай менен тиллескен болып турады.

«ҚЫДЫР АТА» *(аспанға қарап).* Яқшы, қуллық, ийем, қуллық! Онда Қулымбет қазының тилеклерин де мына Даўылбекке тапсырып, өзим тез жетейин бе? *(Тыңлаған болады.)* Қуллық, қуллық! *(Өмирбекке*

*сыбырлап.)* Мине, мен саған ҳәммесин айтып атырман, қалған жағын өзиң бежересең! *(Қазыға еситтирип.)* Қулымбет қазы!

ҚУЛЫМБЕТ. Ләббай тақсыр!

«ҚЫДЫР АТА» *(аспанды нусқап).* Мени асығыс түрде конференцияға шақырып атыр, ол жерде парахорлардың мәселеси қаралатуғын қусайды.

ҚУЛЫМБЕТ. Қам-берген-сия? ...

«ҚЫДЫР АТА». Жүдә үлкен жыйналыс дегени, соған кетемен!

ҚУЛЫМБЕТ. Қыдыр ата, бизиң алтын мәселеси!…

«ҚЫДЫР АТА». Сениң мәселеңниң ҳәммесин мына Даўылбекке тапсырдым. Мына қағазда сениң тәғдириң жазылған, усы бала менен жақсы бола бер, мә Даўылбек! *(Қалтасынан қағаз алып оған береди.)*

ҚУЛЫМБЕТ. Қуллық, қуллық Қыдыр ата, қуллық!…

«Қ ы д ы р а т а» кетеди.

ӨМИРБЕК *(қолында қағаз).* Қулымбет қазы, тыңла! «Мен Дилимбет улы Қулымбет, ден-саўлығыма байланыслы қазылық ҳәмелимнен ўаз кешемен»…

ҚУЛЫМБЕТ *(аңырайып).* Ҳаў!…

ӨМИРБЕК. Ҳаўың не сениң, еле де буған шүкир ет. Жаңа Қыдыр атаның маған не деп кеткенин билесең бе сен?

ҚУЛЫМБЕТ. Билесең бе деп енди, тақсыр, қ-қ-қәйдем.

ӨМИРБЕК. Ҳәзир мына дүньяда парахорлар көбейип кеткен қусайды. Соларды Яратқан сезип қалып, олардың кимисин дарға астырып, кимисин зинданға, кимисин гөрге тығажақ қусайды. Әне, Қыдыр ата соның ойласығына асығып кетти ғо!

ҚУЛЫМБЕТ. Астаўпыралла-астаўпыралла! Усы қазылық ҳәмелден ўаз кешсем, жаңағы дар, гөр деген бәлелерден қутыламан ба, тақсыр?

ӨМИРБЕК. Ҳаў, қутылмай не қыласаң, әлбетте, қутыласаң!

ҚУЛЫМБЕТ. Ҳә шарапатыңнан айналайын, садаған кетейиним-ә! Қазылық ҳәмел бас көзимнен садақа, бас көзимнен садақа!…

ӨМИРБЕК *(оқыўын даўам етеди).* «... Қазылық мөрди өз ерким менен Өмирбекке тапсыраман».

ҚУЛЫМБЕТ *(шоршып кетип).* Не, не!

ТЕМИРБЕК. Неге шоршыйсаң шибиш ешкидей, тыңла!

ҚУЛЫМБЕТ. Қуллық, тақсыр!...

ӨМИРБЕК *(оқыйды).* «... Ендиги жағында халық, қазылыққа кимди мақул деп тапса, өзлери сайлайғойсын, мен қарсы емеспен деп тилимнен тил хат беремен». *(Қазыға қағазды тутып.)* Қәне, мынаған бармағынды да, мөринди де бас!

ҚУЛЫМБЕТ. Қуллық тақсыр! *(Қалтасынан мөрин шығарып басып, қағазды қайтып береди.)*

ӨМИРБЕК. Мөрди де берман әпкел!

ҚУЛЫМБЕТ. Мә, тақсыр, мә! *(Мөрди береди.)* Ал, тақсыр, садағаң кетейинимиз бизге беретуғын алтыны жөнинде...

ӨМИРБЕК. Аўа, аўа, саған ўәде еткен ат басындай алтын жөнинде маған айтып кетти.

ҚУЛЫМБЕТ *(қуўанып).* Не деп, тақсыр, не деп!

ӨМИРБЕК. «Алтынды, улыўма өзиниң үйиниң ишинен таўып алсын. Дийўалына ма, я өжирелериниң биреўине ме, көмип, жасырдым, мийнет етсин, өзи қазып таўып алсын» деди.

ҚУЛЫМБЕТ. Таўып аламан, таўып алмай не қыламан, таўып аламан, тақсыр! Ўақытты босқа жибермейин, ал мен жөнедим! *(Кетеди.)*

ӨМИРБЕК *(изинен).* Бар, бар, қудайдың өлимин таўып аларсаң!...

Ө м и р б е к л а қ қ ы , Т е м и р б е к екеўи күлисип қалады.

ПЕРДЕ

# Төртинши перде
# Көринис

Т а ў а с а р б а й д ы ң үйи. Т а ў а с а р б а й ҳаялына шағынып, егитилип жылап отыр.

ТАЎАСАР *(солығын басалмай).* Аҳ-ҳҳ! Уҳ-ҳҳҳ!… Маған «қабақ бас» деди-аў, ол! Өзи қабақ бас, мийи жоқ, мийи кеўип кеткен оның! Ҳаў, болмаса, айттым мен оған. «Тақсыр дедим, таныпп турман, усы Өмирбектиң дәл өзи, өзи, гүм қылайық» дедим! Яқ, «бул гереӊ, тасгереӊ» дей береди. Өзинди гереӊ қылар-аў!…

ЫМСЫН. Қойшы, ағасы, өйтип күйине бермей!

ТАЎАСАР. Ҳәммеси ана Темирбек деген жуўындыхордың ылайсаңы. Ўай-ўай-ўай-ўай! Ана күни өлген шығар деп едим ғой, ғапылда қалдым ғой, ғапылда!

ЫМСЫН. Айдың аманлығында қаяқтағыны шығармаш, ағасы?

Ө м и р б е к л а қ қ ы , Т а з ш а , Т е м и р б е к келип айнадан тың-тыңлап турады.

ТАЎАСАР. Мен, өле қояйын, ҳаял!…

ЫМСЫН *(қорқып кетип).* Қойшы, қаяқтағыны айтпай!!!

ТАЎАСАР *(күледи).* Ырас, мен өлейин. Ўа-ҳа-ҳа-ҳа! *(Шадлы.)* Дурыс, басқа жол жоқ! *(Күледи.)*

ЫМСЫН. Адамды өйтип қорқыта бермей, айтөссе, ағасы. «Өлемен» дейсең, және күлесең!!! Сөзлериң алжы-булжы ғой, не болды саған?

ТАЎАСАР. Қорқпа ҳаял! Ол бала, енди мени өлмей қутқармайды. Соның ушын мынандай қыламыз!…

ЫМСЫН *(аўзына үңилип).* Қандай, қандай?

ТАЎАСАР. Мен ҳәзир өлген болып жатаман мына жерде.

ЫМСЫН. Ҳаў!…

ТАЎАСАР. Гәпти тыңласаң-ә, кеселеп шаўа бермей!

ЫМСЫН. Яқшы.

ТАЎАСАР. Сен, бетиме ақ жаўасаң да, «өлип қалды» деп, мына Меңлимурат молла менен, Базарбай қотырдың үйине айтып келесең. Және, мәзи бир хабаршыдай болып бармай, жылап айт, жоқлаў салып жылап айт. Яқшы ма?

ЫМСЫН. Күнде көрип жүрген қоңсылар, «Қалай өлди?» деп сорамас па екен?

ТАЎАСАР. Сораса, «Жаңа шай ишип отырып, жүрегим, жүрегим» деп, бирден сылқ ете қалды де!

ЫМСЫН. Бул дөгеректиң иләжы болар-аў, қызларға айттырсақ… Ҳаў узақтағы әғайын-туўғанлар келемен дегенше…

ТАЎАСАР. Ырас-әй, оған дейин үш-төрт күн өтип кетеди. Ол үш-төрт күнниң ишинде, ырас өлмегеним менен, өлимши болатуғыным турған гәп. Және биреўлер сезип қалса…

Ө м и р б е к  л а қ қ ы ,  Т е м и р б е к ,  Т а з ш а айнадан қуўжынласып турады.

ЫМСЫН. Онда не қыламыз?

ТАЎАСАР. Онда бала… *(Ойланып отырады.)* Онда, былай қыламыз!

ЫМСЫН. Қалай?

ТАЎАСАР. Меңлимуратлар кеўил айтып болғаннан кейин, сен: «Қыямет күни қоңсыдан деген, молла бала, ана бала да әжапасының үйине қыдырып кете қойып еди, әкеси менен ырзаласа алмай да қалды. Өзи жәрымес бала, әкесиниң бундай болып атырғанының үстине келип қалса, оннан да айрылып қаларман, сол бала келип қалмастан бурын, бүгин тезирек жерлеп бериң» деп, саз даўысқа салабер.

ЫМСЫН. Оннан кейин не қыламыз?

ТАЎАСАР. Мен түнде пәтикти теўип-теўип, гөрден шығып келемен де, қолға илинген дүнья-малды алып, тартып отырамыз Қызылға қарай! Оннан кейин Өмирбек қудайдың өлимин таўып алар. *(Күледи.)* Ал, онда мен өлейин. *(Жатады.)* Бетиме бир нәрсе жаў!

ЫМСЫН. Яқшы, ҳәзир, ҳәзир!

Ө м и р б е к л а қ қ ы пенен Т е м и р б е к айнаның алдынан кетеди, Ы м с ы н қаршынды аўдастырып атыр.

ТАЎАСАР. Әй, не излеп атырсаң-әй?!

ЫМСЫН. Тазалаў бир бөздиң тухымы бар қусаған еди…

ТАЎАСАР. Әй, тап-таза бөзди жаўып, мен бир ырас өлип атырман ба? Қойсаң-ә, жуўған биреў алып кетип қалып жүрер. Ҳаў!…

ЫМСЫН. Қойш ағасы, сен бир үсийтип күнде өлип атырсаң ба, жаўайық-та тазасын, журттан уятты. Көрген көзге де сонда исенимли ҳәм жағымлы болады. Мине, таптым, жатыр екен ғой жарқылық! *(Бетине ақ жаўады.)* Ал, мен кеттим! *(Кетеди.)*

ТАЎАСАР *(изинен бақырып).* Тезирек кел-әй!

Есиктиң аўзына барғанда Ы м с ы н д ы Ө м и р б е к л а қ қ ы менен Т а з ш а услап алып, аўзын басып алып кетеди. Бираздан соң Ө м и р б е к л а қ қ ы , Т а з ш а , Т е м и р б е к үшеўи келеди.

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып, Таўасарға).* Айтып келдим, ҳәзир келеди.

ТАЎАСАР. Неп-бәле, даўысың демде өзгерип кеткен бе?

Қыймылдап бетин ашпақшы болады.

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып).* Қыймылдама, ашпа бетинди, адамлар ҳәзир келип қалады! «Жылап, жылап, даўысы қарлыққан екен бийшараның» десин деп, өзим жортаға қылып отырман. Тыныш жат, әне киятыр!

Т а з ш а ғ а ымлайды, ол даўыс шығарып келеди. Ө м и р б е к л а қ қ ы Ы м с ы н болып жоқлаў айтып жылайды.

Ағын бир суўдың ағысы,
Ақ орамал нағысы,
Қулағымнан кетпейди аў,
Беглеримниң даўысы.
Аҳ-ҳҳ, аҳ, ўай-ўай-әй!

ТАЗША *(басқа болып).* Шүкир ет, жеңге, шүкир ет!

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып):*

Теңлесимниң тусында,
Ушыға тиктим жеңиме,
Тилеп алған Лабақты,
Қосалмай кеттиң теңине.
Аҳ-ҳҳ, аҳ, ўай-ўай-әй!
Аҳ, аҳ-ҳҳ!…

ТЕМИРБЕК. Шүкир ет, жеңге, шүкир ет. Тәғдийирдиң исине шара жоқ, шүкир ет!

ӨМИРБЕК *(молла болып).* Өлмектиң изинен өлмек жоқ, буннан бетерирегинен сақла де, шүкир ет, жеңге!

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып).* Шү-кир етпегенде қәйтемен молла бала-аў, шүкир етпегенде қәйтемен. Ырзаласалмай қалды демесең, ана жалғыз баланың жоғында өле қойғанын айтсаң-о, бул бийшараның.

ТАЗША *(басқа болып).* Қой өйдеме, жеңге, ҳаў!…

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып).* Енди қәйтейин шырақларым-аў?! Өзи жәрмеслеў бала, оның көзинше өлгенде, Қудай билсин ол баланың қандай ҳалға түсетуғынын!

ТЕМИРБЕК *(басқа болып).* Ҳеш гәп болмас, жеңге.

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып).* Дым ғана қорқып отырман, молла бала-аў. Үсийтип отырғанда балам келип қалса, бул аўҳалды көрип жүреги жарылып кетсе, кетип отырысыдағы мына терис өлгирдиң изинен! *(Жылаған болады.)*

ТАЗША *(басқа болып).* Онда не қыламыз?

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып).* Өлгеннен кейин, бүгини не, ертеңи не оның, бәри бир топыраққа араласады ғой, жерлеп береғойың, шырақларым.

ТЕМИРБЕК. Ондай жағдайларың болса өзиң бил, жеңге. Бирақ, ағайин-туўғанлары өкпелеп жүрмесе…

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып).* Жаңағыдай жағдайы бар, усындай азамат теңкейип атырғанда ағайин бола ма, қойсаң-ә!

ТАЗША *(басқа болып).* Не қыламыз онда?

ӨМИРБЕК *(Ымсын болып).* Баслайғойың, шырақларым! Аҳ-ҳ, ўай-ўай-әй!… *(Жылайды.)*

ТЕМИРБЕК *(басқа болып Өмирбекке).* Ал, моллеке, баслайық онда!

ӨМИРБЕК *(молла болып).* Базарбай қотыр, сен сүйекке енесең, екеўимиз Таўасар ағаны жуўып кепинлеймиз. Ал сен, адамларды жыйна, «Шығарайын деп атыр» деп намазға айтып шық. Ҳа бала, ишке адам кирмесин, келген адам «ўай-ўай» салмасын, «Сууға ендирип атыр» деп айтарсаң! Мен шешиндире берейин, бар, сен суў әкел!

ТЕМИРБЕК. Яқшы. *(Кетеди.)*

ӨМИРБЕК. Әдеп бул бийшараның көзин таңып таслайын. Өлиниң көзи тириге түссе, изиндегилери тухым -қурт болады делинген ... қуранның мен билмейтуғын сүресинде!

ТАЗША. Буның аяғын-әм байлап таслаў керек, болмаса тирилип кетеди!

ӨМИРБЕК. Яқшы.

Ө м и р б е к   л а қ қ ы байдың көзин таңады,
аяғын байлап, көйлегин түреди.

ӨМИРБЕК *(Тазшаға).* Дамбалын шеш!

ТАЗША. Ышқыры шешилмейди шийе болып қалған!

ӨМИРБЕК. Сыпырылмай ма?

ТАЗША. Сыпырылмайды, ышқыр дегени ямана беккем, тап шынжырдай!

ӨМИРБЕК. Байдың ышқыры-дә, тисинди сап көр, тисинди!

ТАЗША. Қойсаңә, усыған со аўзымды патаслап, ўәй сенәм бир!…

ӨМИРБЕК. Аўзың Таўасар ағаның ышқырынан таза шығар жүдә?! Мә, пышақ пенен қыйып жибер!

Ө м и р б е к л а қ қ ы Т а з ш а ғ а пышақ береди, сырттан қуман менен суў алып Т е м и р б е к келеди, Т а ў а с а р белдемесин қос қоллап услап жатады.

ТАЗША. Әй, мынаў тап, дамбалын шештириўге уялып атырғандай белдемесине қос қоллап яппышып қалыпты-ғо!

ӨМИРБЕК. Тирисинде уялмаған адам, өлгенде қудайдың өлиминде уяла ма?! Яқшы, қоя-ғо, ышқырлығына дейин жуўып бола берейик, қалған жағы болса көрермиз. *(Темирбекке.)* Суўың ыссы суў ма?

ТЕМИРБЕК. Ыссы деген не, жаңа пақырлатып қайнатып әкелдим!

ӨМИРБЕК. Дурыс. Бундай адамларды қайнаған суў менен жуўмасаң гүнасы кетпейди. Қуй қәне!

ТЕМИРБЕК. Яқшы. Бисмилләӏ... *(Суў қуяды, Таўасар шоршып түседи.)* Ҳаў, тақсыр, мынаның еле жаны бар-ғо!

ӨМИРБЕК. Бундайлардың жаны тегинликте шықпайды. Қуй!...

Т е м и р б е к суў қуяды.

ТАЎАСАР. Ўай-ўа-ай!...

ТАЗША *(жортаға таңланып).* Ҳаў, мынаў еле тилден қалмаған-ғо!

ӨМИРБЕК. Бундай адамлар тилден гөрге көмилгеннен кейин қалады. Маған пышақты әпер!

ТЕМИРБЕК. Пышақты не қыласаң, сояжақсаң ба?!

Т а ў а с а р шоршып түседи. Ө м и р б е к л а қ қ ы ҳәм басқалар аўзын басып күлисип турады.

ӨМИРБЕК. Бундай гүналы адамларды, балық қыршығандай етип, пышақ пенен қырып, тазалап аппақ қылып жуўыў керек, болмаса гүнасы кетпейди. Бисмилләӏ... *(Қолын қырып, қолтығын пышақ пенен түртип көреди.)* Пуҳ-ҳҳ!... Мынаның қолтығы, ўай-о-оой, бул өмиринде суў тиймеген. Пуҳ-ҳҳ!... *(Шаппатлап көрип қарнын қырады.)* Ал енди бир қатар болдық, аяққа өтейик.

ТАЗША. Аяғы да ғарғаның туяғындай екен, пақырдың.

ӨМИРБЕК. Мийнеткеш адамның аяғы-дә! Ҳәзир жақсылап қырамыз, оннан кейин қыздың аяғындай болады.

*Ҳәммеси аўзын басып күлиседи, Өмирбек байдың аяғын көтерип қырады. Таўасардың қытығы келеди.*

ТЕМИРБЕК. Ҳаў, тақсыр, мынаның еле қытығы бар-ғо!

ӨМИРБЕК. Бундай адамлардың қытығы, қырқынан кейин кетеди. Қәне, енди суў қуй!

Т е м и р б е к суў қуяды, бай ыссы суўдың зардабына шыдамай бақырады.

ТАЎАСАР. Ўай-ўай!...

ТАЗША. Ҳаў, тирилип кетти-ғо!

ӨМИРБЕК. Өлген адамның аяғын пышақ пенен қырып, қайнаған суў менен жуўса тирилип кетеди, аўа!

ТАЎАСАР. Ўай-ўай!... Базарбай қотыр, көзимди шеш!

ӨМИРБЕК *(оның көзин шешеди).* Қалайсаң, бай ата?!

ТАЎАСАР *(оларды көрип).* Ҳаў!... Сизлер ме?! *(Өмирбекке.)* Сен ғана жүўермек, өлсем де мени тынышыма қоймадың-ғо!

ӨМИРБЕК. Сонда дурыслап өл!

ТАЎАСАР *(орнынан турып).* Ҳәссе-нийй!...

ТАЗША *(Темирбектен қуманды алып).* Шала қалды-ғо, бай ата!... *(Байдың үстине суў қуяды.)*

ТАЎАСАР *(қашып жүрип).* Ўай-ўай!... Басың партлаған қарындай боп, қойсаң-ә! Ҳәссе-ний!...

ТАЗША. Ҳәзир сениң өзинди партлайман!...

Т а ў а с а р қашып, Т а з ш а қуўып жүреди.

ТАЎАСАР *(жалынып).* Тазша, қой, айнанайын!...

ӨМИРБЕК. Таўасар ба-ай!...

ТАЎАСАР *(оннан да жалынышлы).* Өмирбек, айнанайын, шырағым, қойың!...

ӨМИРБЕК. Қулымбет қазы, «алтын таўаман» деп жайын геўлеп, жайы үстине қулап өлди. Сен не қыласаң енди?

ТАЎАСАР *(жылап).* Қул болсам да тири жүрейин, мен қойдым Өмирбекжан, қулыңман, қулыңман! Тазша, Темирбек, сизлердиң де қулыңызбан. Қул болсам болайын, тек тири жүрсем болды.

ӨМИРБЕК. Маған қул керек емес, бай ата!

ТАЎАСАР *(қорқып).* Сонда не, мени өлтирежақсаң ба?!

ӨМИРБЕК. Биреўди қул қылған адам, ҳеш қашан оңбайды. *(ойынлы-шынлы)* Саған азатлық бергим келип тур-ғой, бай ата!

ТАЎАСАР. *(ҳайран)* Ҳаў!...

ӨМИРБЕК. Аўа. Бирақ, ҳарамнан тапқан барлық дүнья-малынды ҳәзир-ақ халыққа үлестирип беремен. Ендиги жағында маңлай терлетип нанынды ҳадаллап жейсең! Яқшы ма?

ТАЎАСАР. *(пәтия берип)* Илайим, өнип-өскейсең. Ендигиден былай ҳадал жасайман!

Ө м и р б е к  л а қ қ ы ,  Т а з ш а  ҳәм Т е м и р б е к  шадлы күлип турады. Йошлы музыка жаңлайды, ҳәмме ойынға түседи.

ПЕРДЕ

ТАМАМ.

2010 жыл, февраль айында
қайта исленди.